


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif anu maké métode déskriptif. Métode deskriptif mangrupa hiji métode panalungtikan nu mibanda tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan realitas kana objék nu ditalungtik sacara objéktif tur diébréhkeun aspék-aspék nu jadi puseur perhatian panalungtikanna.

Ieu métode mangrupa istilah nu umum anu ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif. Nu dimaksud panalungtikan kalawan maké téhnik déskriptif téh nya éta ngawengku panalungtikan nu ngajéntrékeun, nganalisis, jeung ngelompokkeun kalawan tehnik *survéy*, téhnik interviu, angkét, téhnik *wawancara*, *observasi*.

Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta dimimitian ku kagiatan tatahar sagala rupa nu diperlukeun dina panalungtikan, ngumpulkeun data, observasi, wawancara, ngolah data (analisis), generalisasi (kacindekan jeung saran), sarta nu pamungkas nulis laporan (hasil). Désain panalungtikan bisa kagambar dina ieu bagan.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Sumber data nurutkeun Arikunto (2010, kc.172) nya éta tempat, jalma, atawa barang ngeunaan variabel anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta:

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa mere data mangrupa jawaban lisan dina wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Tempat mangrupa objék pikeun métodé observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data anu mangrupa tanda-tanda hirup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sagala rupa informasi nu dipaluruh ti narasumber ngeunaan “Ronggég Gunung” di Désa Cikalong, Kacamatan Sidamulih, Kabupatén Pangandaran nu patali jeung gerakan tarian, properti, sarta lalaguan atawa kawih nu dipakéna sarta buku-buku nu aya patalinna jeung kasenian “Ronggég Gunung”.

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

3.2.2.1 Lokasi Géografis

Kabupatén Pangandaran nya éta salah sahiji kabupatén di Provinsi Jawa Barat. Wates kalér Kabupatén Pangandaran nya éta Kabupatén Ciamis jeung Kota Banjar, wates wétanna nya éta Kabupatén Cilacap, wates kidulna nya éta Samudra Hindia, jeung wates kulonna nya éta Kabupatén Tasikmalaya.



Gambar 3.1 Peta Kabupatén Pangandaran

Kawasan Konservasi Perairan Kabupaten Ciamis, nya éta:

- Garis Lintang : $07^{\circ}41'01''$ – $07^{\circ}49'11''$ LS
- Garis Bujur : $108^{\circ}26'58''$ - $108^{\circ}46'56''$ BT
- DPL : 0 – 15 m di atas permukaan air laut (m dpl)


Pangandaran mangrupa salah sahiji objék wisata pantai nu aya di Jawa Barat. Pakasaban di wewengkon Pangandaran lolobana pamayang. Mimitina di kawasan Pangandaran dicicingan ku para pamayang asli urang Sunda. Tapi kadieuunakeun, loba penduduk pendatang nu leuwih milih cicing di wewengkon Pangandaran néangan pakasaban sabab gelombang laut nu leutik ngabalukarkeun para pamayang ti wewengkon séjén babari néangan lauk di éta tempat. Masarakat wewengkon Pangandaran miboga tradisi nu masih kénéh dijaga sacara turun

tinurun nya éta hajat laut unggal bulan Muharam kalayan nyadiakeun sababaraha rupa sasajén di Pantai Pangandaran beulah wétan nu dilakukeun ku para pamayang minangka perwujudan rasa sukur sarta nganuhunkeun ka Nu Maha Kawasa.

Kabupatén Pangandaran diwengku ku 10 kacamatan kaasup di jerona désa jeung kelurahan. Pusat pamaréntahanna di Kecamatan Parigi, Kabupatén Pangandaran nu mangrupa pamekaran ti Kabupatén Ciamis. Ieu kabupatén resmi dimekarkeun dina ping 25 Oktober 2012. Ngaran-ngaran kacamatan nu kaasup ka Kabupatén Pangandaran nya éta:

- 1) Cigugur
- 2) Cijulang
- 3) Cimerak
- 4) Kalipucang
- 5) Langkaplancar
- 6) Mangunjaya
- 7) Padaherang
- 8) Pangandaran
- 9) Parigi
- 10) Sidamulih

Kasénian Ronggéng Gunung ayana di Désa Cikalong, Kacamatan Sidamulih, Kabupatén Pangandaran. Kacamatan Sidamulih mangrupa salah sahiji kecamatan nu aya di Kabupatén Pangandaran. Pakasaban di wewengkon Sidamulih lolobana tatanén.



Gambar 3.2 Peta Kecamatan Sidamulih

Asal muasal jeung mekarna kasenian Ronggéng Gunung mimitina ti Désa Cikalong. Éta désa mangrupa salah sahiji désa pamekaran ti Désa Cikalong anu ayeuna robah ngaran jadi Désa Sukaresik dina bulan Juli taun 1978. Ti mimiti diwangun, Désa Cikalong terus ngalaksanakeun pangwangunan boh dina widang fisik boh dina widang non fisik. Éta hal dilaksanakeun kalayan gawé bareng antara pamaréntah jeung masarakat pikeun ngahontal hiji tujuan nu geus ditangtukeun dina tiap tahapan pangwangunan désa nu dirumuskeun dina rapat taunan désa jeung diasupkeun dina program Rencana Tahunan Désa. Legana Désa Cikalong nya éta 948.778 Ha. Désa Cikalong aya dina wates-wates wilayah administrasi pamaréntahan, nya éta:

Beulah kalér	: Désa Kersaratu Kacamatan Sidamulih
Beulah kidul	: Désa Sukaresik Kacamatan Sidamulih
Beulah kulon	: Désa Bojong Kacamatan Parigi
Beulah wétan	: Désa Sidamulih Kacamatan Sidamulih



Gambar 3.3 Peta Désa Cikalong

3.2.2.2 Kondisi Sosial Budaya

Désa Cikalong mangrupa salah sahiji désa nu aya di kacamatan Sidamulih Kabupatén Pangandaran Provinsi Jawa Barat. Désa Cikalong diliwatan ku jalur jalan kacamatan nu panjangna 4,975 km. Désa Cikalong miboga *bukit* nu éndah ditambah ku hawa nu seger kira-kira 37⁰C kalayan sawah nu lega.

Tabel 3.1 Kependudukan

Jumlah Penduduk	3.318 Jiwa
Lalaki	1.614 Jiwa

Atik Putri Utami, 2015

**KASENIAN RONGGÉNG GUNUNG
DI KABUPATEN PANGANDARAN**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Awéwé	1.704 Jiwa
Kepala Keluarga (KK)	1.273 Urang

Data Januari 2013

Tabel 3.2 Pakasaban

- Patani	842 Urang
- Buruh	490 Urang
- Tukang dagang	165 Urang
- Jasa/Sopir	35 Urang
- PNS	48 Urang
- TNI/POLRI	3 Urang
- nu séjénna	2.922 Urang

Data Januari 2013

Tabel 3.3 Tingkat Atikan

-Teu Tamat SD	322 Urang
-Tamat SD	1.965 Urang
-Tamat SLTP	432 Urang
-Tamat SLTA	224 Urang
-Tamat Akademik	31 Urang
-Sarjana S.1/S.2	28 Urang
-Tidak/Belum Tamat SD	1.614 Urang

Data Januari 2013

Tabel 3.4 Perangkat Désa

No	Wasta	Kalungguhan
1	Upang Supandi	Kepala Désa
2	Drs. Uyep	Sekretaris

Data Januari 2013

Kaayaan sosial budaya Kabupatén Pangandaran, Kacamatan Sidamulih, jeung Désa Cikalong geus jéntré dijelaskeun ti mimiti letak géografisna, kaayaan pamaréntahan désa, data kependudukan, tingkat atikan, nepi ka pakasaban. Penduduk di Kabupatén Pangandaran kaasup penduduk anu hétérogén dina segi agama anu dianutna. Hétérogén di dieu lain maksudna sakabéh agama aya, tapi ngan ukur aya agama Islam jeung Kristen. Tapi di Désa Cikalong, pendudukna 100% nganut agama Islam. Salian ti éta, ditilik tina segi basa nu dipakéna, penduduk Kabupatén Pangandaran katelahna penduduk anu maké basa “Jasun” (Jawa-Sunda). Éta hal dibalukarkeun ku ayana transmigrasi penduduk ti luar Sunda (Jawa) ka daérah Pangandaran pikeun kapentingan pakasaban sarta tuluy tumetep di éta patempatan. Tapi husus di Désa Cikalong, sakabéh penduduk maké basa Sunda asli kalayan logat anu has, nu bisa dijadikeun ciri has éta wewengkon.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan ngawengku sakabéh alat atawa cara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *handphone*, pikeun ngarékam paguneman wawancara nalika panalungtikan.
- 2) kaméra digital, pikeun ngadokumentasikeun gambar bukti nalika panalungtikan.
- 3) pedoman wawancara nu dipaké nyangking informasi lisan, pikeun méré watesan kana naon-naon waé nu rék ditanyakeun ka narasumber. Anapon pertanyaan-pertanyaan nu dijadikeun pedoman wawancara nya éta:

Tabel 3.6 Pedoman Wawancara

No.	Pertanyaan
1.	Idéntitas informan: - Wasta : - Jenis kelamin : - Tempat, ping gumelar :

Atik Putri Utami, 2015

KASENIAN RONGGÉNG GUNUNG

DI KABUPATÉN PANGANDARAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	- Atikan :
	- Pakasaban :
	- Alamat :
2.	Naon kalungguhan dina grup kasenian Ronggég Gunung?
3.	Kumaha sajarah atawa asal usul kasenian Ronggég Gunung téh?
4.	Kumaha waé tatahar saméméh ngalaksanakeun tarian Ronggég Gunung?
5.	Saha waé nu bisa jadi pamaén tarian Ronggég Gunung?
6.	Sabaraha urang biasana nu nari tarian Ronggég Gunung téh?
7.	Sabaraha urang nayaga dina tarian Ronggég Gunung téh?
8.	Naon waé properti nu dipaké dina tarian Ronggég Gunung?
9.	Di mana biasana dipagelarkeunna tarian Ronggég Gunung?
10.	Iraha biasana dipagelarkeunna tarian Ronggég Gunung?
11.	Kumaha ajén falsafah tina properti dina tarian Ronggég Gunung?
12.	Kumaha ma'na tina ajén falsafah properti dina tarian Ronggég Gunung?
13.	Kumaha ajén falsafah tina unggal gerakan dina tarian Ronggég
14.	Gunung?
15.	Kumaha ma'na tina ajén falsafah unggal gerakan dina tarian Ronggég Gunung?
16.	Kumaha ma'na tina lalaguan anu dipaké dina Kasenian Ronggég Gunung?
17.	Kumaha prak-prakan dina tarian Ronggég Gunung?
18.	Kumaha fungsi tarian Ronggég Gunung jaman baheula jeung jaman ayeuna?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data mangrupa kagiatan utama dina ieu panalungtikan. Ieu kagiatan téh dimimitian ku ngayakeun survéy ngeunaan obyék panalungtikan, sabada éta kakara kagiatan ngumpulkeun bahan/data ka

narasumber. Bahan nu patali jeung panalungtikan dikumpulkeun, kalawan ngagunakeun téhnik wawancara jeung observasi.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha cara, di antarana:

- 1) Wawancara/observasi langsung ka narasumber.
- 2) Ngumpulkeun data ngeunaan kasenian “Ronggég Gunung” Désa Cikalong, Kacamatan Sidamulih, Kabupatén Pangandaran ti sababaraha sumber.
- 3) Nalungtik ngeunaan ma’na tina gerakan, properti, jeung lalaguan atawa kawih nu dipaké dina kasenian “Ronggég Gunung” ka narasumber
- 4) Mariksa data nu geus kakumpul.
- 5) Nyieun kacindekan tina data nu geus kakumpul.

Léngkah pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Niténan sarta ngumpulkeun data sacara observasi langsung ka narasumber “Ronggég Gunung”.
- 2) Ngadokuméntasikeun sarta ngainventarisasi data nu aya di lapangan.
- 3) Ngayakeun wawancara ka narasumber kasenian Ronggég Gunung Désa Cikalong, Sidamulih, Pangandaran.

3.4 Analisis Data

Sabada data hasil panalungtikan dikumpulkeun ku panalungtik ti narasumber, léngkah panalungtikan saterusna nya éta ngolah data nepi ka jadi hiji laporan panalungtikan.

Léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Mariksa sarta niténan data-data nu geus dikumpulkeun.
- 2) Milihan data nu kapaké pikeun nyusun laporan.
- 3) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data.
- 4) Nyieun kecindekan tina data nu geus kapaluruh.